



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MTA AP AKSELERE KONSTRIKSYON 2 MILYA DOLA YO NAN PWOJÈ IMOBILIZASYON PANDAN TRANSPÒ REDUI A AKÒZ PANDEMI COVID-19 LA

Lanse [Kanpay](#) 'It's Up to Us, New York' nan bis ak tren MTA yo

Pandan Vil New York re-ouvri jodi a, MTA kontinye pran mezi san parèy pou kenbe pasaje ak travayè yo an sekirite

Eta a ap deplwaye plis pase yon milyon mask ak 25,000 galon ak 500,000 bwat dezenfektan 2 ons bay MTA pou re-ouvèti a

Anrejistreman Gouvènè a k ap monte metwo a jodi a disponib [isit la](#) ak [isit la](#); Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke MTA ap akselere konstriksyon 2 milya dola nan pwojè imobilizasyon yo pandan peryòd transpò redui sa a akòz pandemi COVID-19 la. Pwojè a gen ladan:

- Lanse reyabilitasyon Tren F Rutgers Tube la avèk kontra ki te bay nan mwa jiyè - kat ane alavans kalandriye orijinal la;
- Akselere 11 estasyon ADA, ki gen ladan ajoute 24 nouvo asansè;
- Reyabilite estasyon 138th Street Grand Concourse, ki pral fini yon mwa alavans nan oktòb 2020; epi
- Akselere reparasyon defo ak fwit asye ak beton nan Liy Tren 2/3, 4/5 Eastern Parkway nan Brooklyn ak redui 10 mwa pwojè a nan ogmante travay jiska 25 pousan pandan fèmte lannuit yo.

Gouvènè Cuomo te anonse tou lansman [Kanpay](#) 'It's Up to Us, New York' (Sa depann de nou, New York) nan bis ak tren MTA yo ak pano afichaj yo nan tout rejyon an ansanm ak pano afichaj nan eta a ak atravè yon kanpay rezo sosyal entegre pou raple Nouyòkè yo pou fè pati pa yo pou kontinye konbat viris COVID-19 la. Gouvènè a te raple tou Nouyòkè yo ke mask yo obligatwa pou lè y ap itilize sistèm transpò piblik yo epi Nouyòkè yo dwe swiv tout direktiv ak pwotokòl yo lè yo nan transpò, ki gen ladan kenbe distans sosyal nan mezi posib, itilize dezenfektan pou men ak obsève oryantasyon etikèt yo.

Gouvènè a te anonse tou ke Vil New York re-ouvri jodi a, MTA kontinye pran mezi san parèy pou kenbe moun k ap pran transpò ak travayè yo an sekirite, ki gen ladan

netwaye ak dezenfekte tren ak bis yo chak jou - efò netwayaj ki pi gwo ak pi inovatif nan listwa li. Depi 6 me, MTA te reyalize netwayaj ak dezenfeksyon 30,000 estasyon ak netwayaj ak dezenfeksyon 500,000 machin metwo. MTA ap pilote tou itilizasyon teknoloji limyè UV ki pwouve pou netwaye machin tren ak nan enstalasyon ekipaj yo.

Gouvènè a te anonse tou ke eta a ap deplwaye plis pase yon milyon mask, ansanm ak 25,000 galon ak 500,000 boutèy dezenfektan 2 ons pou re-ouvèti MTA a.

"Vil New York ak MTA ap re-ouvri epi jodi a mwen te pran tren 7 paske si metwo a pa an sekirite pou mwen, kidonk mwen pa t ap mande okenn lòt moun pou pran metwo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "MTA te fè yon travay fenomenal - machin metwo yo pi pwòp ke yo te janm ye nan tout lavi mwen epi yo dezenfekte machin yo chak jou. Epi pandan peryòd transpò redui sa a, MTA te ogmante tou konstriksyon yo pou pa deranje anpil pasaje epi te akselere 2 milya dola nan pwojè imobilizasyon."

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)